

# Èske w Kouvri pa Medicaid?

## Sa ou bezwen konnen sou renouvle kouvèti sante ou.

Chak ane, Eta a revize enfòmasyon manm Medicaid yo pou yo asire yo ke yo toujou elijib. Si nou gen ase enfòmasyon, n ap voye yon avi ba ou (Avi Desizyon sou Benefis) pou di ou ke nou renouvle Medicaid ou.

Si nou bezwen plis enfòmasyon, n ap voye de avi ba ou:

- 1 Yon avi renouvèlman Medicaid jòn.
- 2 Yon avi blan ki mande dokiman adisyonèl.

De avi sa yo ap rive pa lapòs separeman. Siveye tou de.

## 3 bagay ou ka fè pou w prepare w epi rete kouvri.

1. **Kenbe enfòmasyon kont ou yo ajou** pou Eta a ka voye enfòmasyon enpòtan ba ou. Pa egzanp, ou ta dwe mete kont ou a ajou si kowòdone ou chanje, ou jwenn yon nouvo travay, oswa ou gen yon ti bebe.
2. **Siveye kourye ki soti nan Eta Rhode Island.** Si pwogram Medicaid la bezwen plis enfòmasyon pou renouvle kouvèti ou a, w ap resewva yon avi jòn. W ap resewva yon avi blan tou pou w mande dokiman adisyonèl. Sinon, w ap resewva yon avi ki di kouvèti ou a ap kontinye otomatikman.
3. **Aji san pèdi tan.** Si w resewva yon avi jòn, sa vle di Eta a bezwen plis enfòmasyon sou oumenm oswa sou moun lakay ou pou renouvle kouvèti w la. Tanpri soumèt tout enfòmasyon yo mande yo anvan dat limit ki nan avi ou a.

## Ou gen kesyon?

### Èd disponib. Rele:

- HealthSource RI 1.855.840.4774
- RI Dept. of Human Services 1.855.697.4347

### Oswa jere kont ou an liy:

- [HealthyRhode.RI.gov](https://www.healthyrhode.ri.gov)
- HealthyRhode mobile app



## Aprann plis.

Pou aprann plis sou renouvèlman Medicaid oswa chèche konnen ki lè renouvèlman w la ap fèt, vizite [staycovered.ri.gov](https://staycovered.ri.gov) oswa eskane kòd QR la.



Eskane kòd QR la pou chèche dat renouvèlman Medicaid ou a.

